МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ – СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА С. КАДГАРОН АРДОНСКОГО РАЙОНА РСО-АЛАНИЯ

| | |
|---|---|
| Рассмотрено<br>на заседании ШМО<br>Руководитель МО<br>________<br>«3» 09 2022г. | «Утверждаю»<br>Директор МБОУ СОШ с.Кадгарон<br>________Цоколаева З.Х.<br>«03» 09 2022г |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

по предмету
«Родная (осетинская )литература »
3 класс

Учитель : Бдайциева Р.С.

2022-2023 учебный год.
с. Кадгарон

**Программæ ирон литературон кæсынадæй**

**3 кълæсæн**

**Æмбарынгæнæн фыстæг**

Райдайæн скъолайы (2-4 кълæсты) ахуырадон предмет «Литературон кæсынад» æххæст кæны ахуырадон æмæ хъомыладон хæстæ. Уый нывæфтыд кæны алыварсы дуне, сабиты ахуыр кæны адæймаджы хуыздæр миниуджытыл, æвдисы сын царды алыхуызон фæзилæнты хи дарыны æгъдæуттæ, æвзæрын сæм кæны сыгъдæг бæллицтæ, рæсугъд фæндтæ æмæ хъуыдытæ. Кæсыны урокты сывæллоны хонынц æрдзы æмæ адæймаджы сусæгдзинæдтæм. Царды чиныг сыфгай фæлдахгæйæ, адæймаджы фæзминаг миниуджытæм амонынц фæндаг, хонынц ахуыры æмæ царды бæрзæндтæм, хъæздыг кæнынц сабийы миддуне, дæттынц ын хъару æмæ ныфс. Уымæ гæсгæ сын ис стыр ахадындзинад ахуырады æмæ хъомылады.

Литературон кæсынад райдайæн скъолайы у сæйрагдæр предметтæй иу, уымæн æмæ ам сабитæ базонынц кæсын, текстимæ кусын, ныв æмæ фæлгонц уынын, мадæлон æвзаг æмбарын æмæ ахуыр кæнын, аив литературæйæн аргъ кæнын. Уый та ахъаз у иумæйаг рæзтæн, удварны æмæ эстетикон хъомыладæн.

Райдайæн скъолайы литературон кæсынады урокты æнтыстджынæй чи ахуыр кæны, уыдонæн иннæ предметтæ дæр æнцондæр бамбарæн вæййынц.

Ирон литературон кœсынады размœ œвœрд ис ахœм **нысантæ æмæ хæстæ:**

- сывæллæтты кæрæдзиимæ иронау дзурын сахуыр кæнын;
- иумæйаг ахуырадон зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæнын;
- ныхасы рæзтыл кусын;
- фылдæр базонын æмæ интеллект уæрæхдæр кæнын;
- мадæлон æвзаджы фæрцы сывæллоны алывæрсыгæй хъомыл кæнын;
- хъазты хуызы кæнæ æндæр методикон фæрæзты фæрцы сывæллæтты эмоционалон уавæр рæзын кæнын;
- зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын.

Ног стандартты домæнтæ арæзт сты уымæ, цæмæй Уæрæсейы цæрæг алы адæмыхаттæн дæр йе ´взаджы кад сæхи ´хсæн бæрзонддæр ист æрцæуа, цæхгæр фæхуыздæр уа йæ ахуыр кæныны уавæр. Уыцы домæнтæ сæххæст кæнынæн бындур райдайæн скъолайы æвæрд кæй æрцæуы, уымœ гœсгœ бæрæггонд æрцыдисты программæйы:

**сæйраг идея** - скъоладзауы ахуыры процессы сæйраг архайæг уæвынмæ сразæнгард кæнын.

**сæйраг хицæндзинад** – скъоладзаутæн комплексон æгъдауæй ирон литературон кæсынады æгъдæуттæ бацамонын.

**спецификон хицæндзинæдтæ**:

- текстыл бакусын куыд ныхасы иуæгыл;
- ирон литературон уацмысы дзырдты аивдзинад æмæ сæ хицæндзинæдтæ жанртæм гæсгæ æвзарын;
- ирон литературон уацмысы æвзаг æмæ сывæллæтты ныхасыл уыцы иумæ кусын;
- уацмысыл æмæ ирон сывæллæттæн фыст чингуытыл иумæйагæй кусын;
- сывæллæттæн тексты тыххæй зонындзинæдтæ дæттын;
- ирон аивадон-литературон уацмысы мидис æмбарын кæнгæйæ сабиты миддуне хъæздыгдæр кæнынил кусын.

**Программæ домы, цæмæй 2 - 4-æм кълæсты скъоладзаутæ зоной:**

-тексты сæйрагдæр хъуыды рахицæн кæнын,
-уацмысы мидис хи ныхæстæй радзурын,
-тексты аивадон æууæлтæ иртасын,
- дзырдты нысаниуæг æмбарын.

**Кæсыны программæйы сæйраг нысантæ сты:**

1.Сабиты чиныг кæсынмæ разæнгард кæнын;

2. Ахуырдзауты сахуыр кæнын хъуыды кæнын;

3. Ирон, уырыссаг æмæ æппæтдунеон литературæйы хуыздæр уацмысты фæрцы сывæллæтты миддуне хъæздыгдæр кæнын.

**Кæсыны программæйы сæйраг хæстæ**:

1. Чиныг кæнæ хицæн уацмысы мидис æмбарын.
2. Литературон уацмыстæ жанртæм гæсгæ æвзарын зонын.
3. Сывæллæттæн фыст ирон литературæйы зындгонддæр авторты зонын; цы уацмыстæ ахуыр кæнынц, уыдоны авторты зæрдыл дарын.
4. Уацмысы архайджыты мидуавæр æнкъарын.
5. Цардмæ эстетикон æнкъарæнтæ гуырын кæнын.
6. Сывæллæтты дунеæмбарынад уæрæх кæнын.
7. Сывæллæтты ныхас хъæздыг кæнын.
8. Скъоладзауты чиныг кæсынмæ разæнгард кæнын.

**Текстыл кусгæйæ 2-4-æм кълæсты ахуырдзауты ныхасы арæхстдзинад рæзынгæнæн мадзæлттæ сты:**

1) *кæсыны арæхстдзинад* ( дзырдгай каст, хъуыдыйадгай каст, абзацгай каст, раст æмæ æмбаргæ каст, хуыздæр кæсæджы конкурстæ æмæ ерыстæ аразын, тагъд кæсыныл фæлтæрын);

2) *аив кæсын æмæ дзурын*: (хъæрæй æмæ хинымæры каст, раст дикци аразын, хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты раст артикуляцийыл кусын, тагъддзуринæгтæ кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцын, рольтæм гæсгæ кæсын).

**2-4-æм кълæсты кæсыны программæ бæрæг кæны практикон хæстæ дæр**:

- текст æмбарын æмæ иумæйаг културон кæсыны арæхстдзинадæй пайда кæнын;
- чиныг кæсыныл æнувыд уæвын;
- алыхуызон информацитимæ кусын;
- ныхас кæныны, фыссыны æмæ коммуникативон культурæйы зонындзинæдтæй пайда кæнын;
- аив литературæйы царды æцæгдзинадмæ цы эстетикон цæстæнгас ис, уымæ гæсгæ хи дарын;
- уацмысы архайджыты удварны хорз миниуджытæ фæзмын.

**Ахуырадон предмет «Литературон кæсынад»- ы иумæйаг характеристикæ:**

2-4-æм кълæсты скъоладзаутæн кæсыны æрмæгæн æвзæрст æрцыдысты: ирон, уырыссаг æмæ æппæтдунеон адæмон сфæлдыстыды уацмыстæ, ирон, уырыссаг æмæ æппæтдунеон классикты аивадон æмæ зонынадон уацмыстæ. Программæмæ хаст æрцыдысты литературæйы æппæты сæйрагдæр жанрты уацмыстæ: аргъæуттæ, æмдзæвгæтæ, баснятæ, радзырдтæ.

Сывæллæттæ чиныджы текстимæ кусгæйæ базонынц алыварсы дунейы сусæгдзинæдтæ, зонгæ кæнынц се 'мгæртты цардимæ, ахуыр кæнынц фæллой кæныныл, сæ кæрæдзиимæ хæларæй цæрыныл, сæвзæры сæм Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ. Ахуыры процессы рæзы сæ социалон-удварнон æмæ эстетикон фæлтæрддзинад.

**Ныхасы æмæ кæсыны хуызтæ.** Ацы хаймæ хаст æрцыдысты ныхасы æмæ кæсыны архайды æппæт хуызтæ дæр (кæсын, хъусын, дзурын æмæ фыссын) æмæ алыхуызы текстимæ куыст. Ам сæйрагдæр у скъоладзауты ныхасы культурæйыл куыст, сæ коммуникативон арæхстдзинад сын æххæст кæнын. Сæйрагдæр арæхстдзинад дзы у кæсын.

**Кæсыны арæхстдзинад.** Скъоладзаутæн 4 азы дæргъы сæ кæсыны арæхстдзинæдтæ ивгæ цæуынц. Фыццаг уал базонынц уæнггай, дзырдгай кæсын. Уый фæстæ дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ, чысыл радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, аргъæуттæ æмæ а.д. Дарддæр базонынц интонацимæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ иртасын, тагъддæр кæсын, хи ныхæстæй дзурын. Уый фæстæ базонынц орфоэпион æмæ интонацион нормæтæ, тексты алы хуызтæй пайда кæнын. Уыцы иумæ фæцæуы дзургæ ныхасыл (хъусын æмæ дзурын) æмæ кæсыныл ахуыр кæныны куыст.

Скъоладзаутæ куыдфæстæмæ базонынц хинымæры кæсын æмæ æрмæг æмбарын , тагъддæр кæсын æмæ бæлвырд ныхасы хæстæ æххæст кæнын. Афтæмæй фидардæр æмæ бæрзонддæр кæнынц сæ кæсыны арæхстдзинæдтæ.

Программæйы сæрмагонд бынат лæвæрд цæуы аивадон текстимæ куыстæн. Литературон кæсынады урокты скъоладзаутæ базонынц:

1) текст хæйттыл дих кæнын;

2) алы хай дæр анализ кæнын;

3) тексты сæйраг хъуыды хицæн кæнын;

3) текстæн сæргонд хъуыды кæнын;

4) текстмæ кæнæ тексты хаймæ пълан аразын;

5) æндæр кæрон хъуыды кæнын, æмæ а. д.

6) тексты сæргондмæ гæсгæ мидис базонын;

7) текстты хуызтæ (æрфыстон, таурæгъон, тæрхæттæ);

Программæйы лæвæрд æрцыд литературæйы теорийæ хуымæтæг зонындзинæдтæ:

-литературон уацмысы сæйраг темæ æмæ идея (радзырды, æмдзæвгæйы, аргъауы); -

-фольклоры чысыл жанрты хицæндзинæдтæ (уыци-уыцитæ, æмбисæндты, тагддзуринæгты, ирхæфсæнты æмæ а. д.).

Сывæллæттæ райдайæн кълæсты базонынц метафорæ, эпитет, абарст, ритм, рифмæ цы сты, уый.

Базонынц аивадон текст анализ кæнын, наукон-зонадон текстимæ йæ барын.

Текст кæсгæйæ æмæ йын анализ кæнгæйæ сывæллæттæ базонгæ вæййынц геройты хорз миниуджытимæ: хи дарыны æгъдæуттæ, сæ характертæ, фæзминаг æууæлтæ, удварны хæзнамæ æмæ а. д.

2-4-æм кълæсты программæйы домæнтæ раст œххœстгонд куы œрцœуой, уœд сывœллœттœн сœ къухы бафтдзœн ахœм фœстиуджытœ:

**Удгоймагон:**

1) Райгуырœн бœстœ – Ирыстон œмœ Уœрœсейы историйœ сœрыстыр уæвын. Æппœт адœмы хœттытœн дœр аргъ кœнын œмœ семœ хœларœй цœрын;

2) œнœхъœн дунемœ (йœ œрдзы, адœмы, культурœты алыхуызондзинадимœ) сœм œххœст цœстœнгас уыдзœн;

3) аив литературон уацмыстœ ахуыр кœнгœйœ сабитœм аивадон-эстетикон œнкъарœнтœ œвзœрдзœн;

4) рœздзысты сœ этикон œнкъарœнтœ, уыдзысты цœстуарзон œмœ зœрдœхœлар;

5) œндœр адœмы хатты минœвары хъуыдыйœн, культурœйœн, историйœн аргъ кœнын зондзысты;

6) скъолайы коллективы сœхи хорз дарынытл архайдзысты;

7) æмбардзысты, œхсœнады сын ахуыргœнинаджы роль кœй ис, уый; рœздзœн сœм разœнгарддзинад ахуыры архайынмœ;

8) удварны нормœтœм гœсгœ рœздзæн сœ хœдбарад, бœрнондзинад сœхи раконд хъуыддœгты фœдыл,;

9) рœздзысты œмгœрттœ œмœ хистœртимœ œмгуыстады арæхстдзинæдтæ, сахуыр уыдзысты конфликттœ œмœ быцœутœй сœхи хизын, уацмысты геройты œмœ сœхи конд хъуыддœгтœ бардзысты œмœ сыл хъуыды кœндзысты;

10) сфœлдыстадон куыстмœ сœм мотиваци рœздзœн, материалон œмœ удварнон хœзнатœм аудгœ цœстœй кœсдзысты, тырндзысты œдас œмœ œнœниз царды уагмœ.

**Метапредметон:**

1) сахуыр уыдзысты ахуырадон нысантœ œмœ хœстœ фидар кœнын œмœ сын сœ сœххœст кœныны мадзœлттœ агурын;

2) базондзысты, ахуырадон архœйдтытœ сœххœст кœнынмœ сœ размœ цы хœстœ œвœрын хъœуы, œмœ сын аргъ кœнын куыд хъœуы, уый;

3) œмбардзысты, ахуырадон архайды сœ къухы цы œнтыстдзинœдтœ бафтыд, кœнœ нœ бафтыд, уыдоны аххосœгтœ, œмœ сœ сœххœст кœнынœн цœуыл бакусын хъœуы, уый;

4) зондзысты, коммуникативон œмœ зонындзинœдтœ райсыны хœстœ сœххœст кœнынœн цавœр ныхасы мадзœлттœй спайда кœнын хъœудзœн, уый;

5) базонгœ уыдзысты информаци агурыны алы фœрœзтимœ: бœрœгуœттœ, дзырдуœттœ, энциклопедитœ œмœ æнд.

6) базондзысты, нысан œмœ хœстœм гœсгœ, текстты œмбаргœ каст кœнын, дзургœ œмœ фысгœ ныхас раст рацаразын;

7) сœ бон уыдзœн диалогы архайын, искœйы хъуыдыимœ разы уœвын, œмгœртты цœстœнгасœн аргъ кœнын;

8) арœхсдзысты иумœйаг хъуыддæгты архайынмæ, хи œмœ кœрœдзийы куыст бœрœг кœнынмœ;

9) сахуыр уыдзысты сœхи œмœ се 'мбœлтты хидарыны œгъдœуттœн аргъ кœнын;

10) базондзысты, конфликттœ куыд мынœггœнгœ сты, уый œгъдœуттœ.

**Предметон:**

1) œмбардзысты, литературœйы фœрцы (куыд националон œмœ œппœтдунеон културœйы хай) хъахъхъœд кœй цœуынц удварны хœзнатœ œмœ традицитœ;

2) œнкъардзысты, хи рœзтœн чиныджы кœсын цы пайда у, уый; фидар кœндзœн сœ дунеœмбарынад: Райгуырœн бœстœ œмœ йœ адœм, културœ, хуымœтœг этикон œгъдœуттœ, хорздзинад œмœ хœрамдзинад, цœсгом œмœ намыс; рœздзœн сœм иудадзыг кœсыны домœн;

3) фœндздзœн сœ, цœмœй дарддœры ахуыры œнтыстджындœр уой, ома сœ иумœйаг ныхасы рœзт бœрзонддœр кœна, хъœрœй œмœ хинымœр кœсын базоной; аив, наукон, ахуырадон тексттыœн хуымœтœг анализ кœнын фœразой;

4) зондзысты касты алы хуызтœй (хъуыдыгœнгœ, œвзаргœ, агургœ) пайда кœнын; œмбардзысты алыхуызы текстты спецификœ, архайдзысты сœ анализы, архайджыты ракод хъуыддœгтœн аргъ кœндзысты, сœ удварны хорз кœнœ œвзœр миниуджытœ сын иртасдзысты;

5) сахуыр уыдзысты цымыдисаг литературœ œвзарын, информаци агурын;

6) базонгœ уыдзысты тексты хœрз хуымœтœг анализы хуызтимœ: уацмысы сœйраг хъуыды œмœ цœимœ баст у, уый иртасын, текст хœйттыл дих кœнын, сœргонд ын œвзарын, хуымœтœг пълан ын аразын, хи ныхœстœй йœ дзурын œмœ тексты аивгœнœн мадзœлттœ агурын;

7) арœхсдзысты тексты алы хуызтимœ кусын, агурдзысты наукон, аивадон, ахуырадон уацмысты хицœндзинœдтœ. Практикон œгъдауœй зондзысты иу-цалдœр фысгœ ныхасы хуызœй пайда кœнын (таурœгъон – хуызœгмœ гœсгœ текст саразын, тœрхœттœ – фысгœ дзуапп фарстœн, œрфыст – геройы характеристикœ). Бакаст уацмысœн аргъ скœнын.

**Скъоладзаутœ сахуыр уыдзысты:**

• дарддœры ахуыры кœсыны ахадындзинадœн аргъ кœнын;

• алы хуызты текстты спецификœ иртасын;

• алы хуызы ситуациты диалогы архайын;
• дзырдимœ кусын;
• уацмысы сœйраг хъуыды раст œмбаргœйœ, рœвдз кœсын;
• тексты анализы хœрз хуымœтœг мадзœлттœй пайда кœнын;
• коллективон œгъдауœй бакаст уацмысыл ныхас кœнын;
• цыбыр аннотаци аразын;
• рольтœм гœсгœ кœсын;
• прозаикон текст поэтиконœй хицœн кœнын;
• геройы удыхъœд œвдисын;
• аив литературœ, куыд аивады иу хай, зœрдœмœ хœссын;
• тексты эстетикон œмœ удварны хœзнатœ œмбарын œмœ сыл хи хъуыдытœ дзурын;
• авторы позици бœрœг кœнын œмœ героймœ хи цœстœнгас œвдисын;
• текст хи ныхœстœй аив (сфœлдыстадон хуызы) дзурын;
• уацмысы мидисмœ гœсгœ иллюстрацитœ аразын.

Ирон литературон кœсынады программæ арæзт æрцыд ног стандартты домæнтæм гæсгæ.

Ирон литературон кæсынадæн 2-4 кълæсты лæвæрд цæуы къуыри 1,5 сахаты (æдæппæт 34 ахуырадон къуырийы - 51 сах.)

**Азы кæронмæ 4-æм къласы скъоладзаутæ хъуамæ зоной:**

- æмбаргæ æмæ тагъд кæсын;
- уацмысы мидисмæ гæсгæ хъæлæсы уаг раст аразын;
- текст хинымæр æмæ хъæрæй кæсын;
- цы уацмыс бакастысты, уый мидисæй фæрстытæн раст дзуæппытæ дæттын;
- сæ хъуыдымæ гæсгæ кæрæдзимæ хæстæг дзырдтæ иртасын;
- тексты аивадон фæрæзтæ иртасын æмæ сын сæ нысаниуæг æмбарын;
- адæмон дзургæ сфæлдыстады жанртæ кæрæдзийæ иртасын;
- зындгонд фысджыты нæмттæ зонын, сæ уацмыстæ сын кæсын;

**Арæхсой:**

- уацмысы сæйраг геройы архæйдтытæн аргъ кæнынмæ, характеристикæ сын дæттынмæ;
- æмбисæндты хъуыды хибарæй æргом кæнынмæ;
- литературæйы теорийæ цы зонинæгтæ ис чиныджы, уыдонæй пайда кæнынмæ;
- тексты алы хуызтæ кæрæдзийæ иртасынмæ;
- библиотекæйы хъæугæ чиныг равзарынмæ;
- чиныджы ном, сæргæндтæ æмæ разныхасмæ гæсгæ, цæуыл фыст у, уый иртасынмæ;
- дзырдуæттæй пайда кæнынмæ.

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 710858474967985478426001373498448859431888587333

Владелец Цоколаева Зарема Харитоновна

Действителен С 26.09.2022 по 26.09.2023